

5 Bagay Ou Dwe Konnen Kònsènan Diskriminasyon ki baze sou Andikap

- 1 Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon (LAD) entèdi diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou andikap aktyèl oswa yo sispèk nan domèn lojman, travay, ak espas lojman publik yo. Ou ka depoze yon [plent nan](#) Depatman Dwa Sivil ("DCR") si ou te fè fas ak diskriminasyon oswa asèlman nan men founisè lojman, anplwayè, kòlèg travay, ofisyel lapolis, machann, elatriye.
- 2 **LAD la defini andikap yo pi laj pase Lwa Ameriken Kont Andikape yo (ADA).** Andikap EA daprè LAD gen ladan nenpòt andikap fizik oswa nenpò lòt andikap ki te koze ak yon maladi, blesi, oswa anomalie konjenital, ak nenpòt andikap mantal, sikolojik, oswa devlopman ki anpeche w egzèsenòmalman nan nenpòt fonksyon epi yo ka konfime ak yon pwofesyonèl medikal. LAD a pa egzije yon kondisyon ki limite konsiderableman youn oswa plizyè aktivite enpòtan nan lavi yo konsidere kòm yon andikap. Andikap yo ka pèmanan, tanporè oswa minè.
- 3 **LAD la entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap aktyèl oswa yo remake.** Sa vle di ou pwoteje menm si lòt moun panse ou andikape oswa w te fè fas ak diskriminasyon ki baze sou yon andikap pase. Pa egzanp, yon otèl pa ka refize resevwa w paske yo kwè ou andikape.
- 4 **Ou pa kapab asele poutèt andikap ou.** Asèlamn ki gen rapò ak andikap gendwa gen ladan yo joure, moke, manyen, oswa trete w yon fason diferan akòz andikap ou. Sipèvizè yo, kit yo nan yon konteks travay, lojman, oswa kote ki louvri pou publik la, dwe pran mezi pou lite kont asèlman sa yo.
- 5 **Pwoteksyon LAD la pou andikap yo aplike pou moun ki gen yon pwoblèm itilizasyon sibstans oswa alkòl.** Sa vle di yon anplwayè pa ka fè diskriminasyon kont ou oswa revoke ou sèlman paske ou te deja resevwa tretman pou adiksyon oswa kounye a ou nan yon pwogram rekiperasyon. Sepandan, itilizasyon aksidantèl oswa sosyal sibstans kontwole ak alkòl yo pa konsidere kòm yon andikap epi yo pa pwoteje anba LAD la.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](#) oswa rele 1.833.NJDCR4U. Depatman Dwa Sivil yo (DCR) aplike LAD, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan NJ kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon an. Pou aprann plis, klike [isit](#).

LAD la pwoteje w kont vanjans. Pèsonn pa ka pran vanje kont ou paske ou rapòte yon vyolasyon LAD; depoze yon plent pou diskriminasyon, anndan DCR, oswa nan tribinal; oswa egzèse nenpòt lòt dwa anba LAD la.

Disponib nan lòt lang yo nan [Seksyon Resous yo](#) nan sitwèb DCR.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](#) oswa relel **1.833.NJDCR4U**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ
[NJCivilRights.gov](#)

 **NJ CIVIL RIGHTS**
DIVISION ON
CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

